

8 ÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

JEN 2001

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye pati a ak dezyèm pati a nan ti liv sa a; Twazyèm pati a nan liv 2 a.

Premye pati a gen 45 keksyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm pati a gen plizyè keksyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou dezyèm pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye liv la.

PINGA OU OUVRI TI LIV SA A TOUTOTAN YO POKO DI W OUVRI L

Copyright 2001
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Premye pati

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan premye pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 – 4. Chwazi bon repons la. Make repons nou yo nan fèy kote pou ekri repons yo. Pou chak kesyon yo nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons nou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou nou make repons nou yo sou fèy la.

Li egzanp ki la a:

Egzanp

Ki vil ki kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C.
- (3) New York City
- (4) Philadelphia

Repons lan se nimewo **2, Washington D.C.** Sou fèy pou nou make repons lan, cheche bwat ki gen ranje ti sèk kote pou mete repons pou egzanp sa a. Kòm se nimewo **2** ki repons la pou kesyon sa a, ranpli ti sèk ki gen nimewo **2** sou kote li a.

Reponn tout kesyon premye pati a menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Si ou pa konn repons kèk nan kesyon yo, fè sa w kapab pou w reponn chak kesyon.

Lè ou fini ak premye pati a ale nan dezyèm pati a.

Premye pati

Reponn tout keksyon nan pati sa a.

- 1 Ki manman metòd akeyològ yo sèvi pou yo etidye istwa?
 - (1) yo li sa yon gwoup moun te ekri nan kaye yo
 - (2) yo egzamine estati ak lòt bagay yon gwoup moun te mouri kite
 - (3) yo suiv sa moun fè nan anviwonman kote yo viv la
 - (4) yo eseye suiv koutim moun ki viv nan yon lokalite.
- 2 Kòmanse nan Lwès rive nan direksyon Ès men sa ki ede moun rekonèt Etazini:
 - (1) Mòn Rocky yo → Zòn Great plain nan → Rivyè Mississippi a → mòn Appalachian yo
 - (2) Zòn Great plain nan → Rivyè Mississippi a → Mòn Rocky yo → mòn Appalachian yo
 - (3) Mòn Rocky yo → Zòn Great plain nan → mòn Appalachian yo → Rivyè Mississippi a
 - (4) Rivyè Mississippi a → mòn Appalachian yo → Zòn Great plain nan → Mòn Rocky yo

Sèvi ak pawòl sa yo epi ak konesans nou nan syans sosyal pou nou reponn keksyon 3 a ak keksyon 4 lan.

“Pitit mwen yo, koute byen. Pa bliye se frè nou ye, si youn nan nou tonbe sa vle di nou tout tonbe. Fò nou tout gen menm dife, menm pip, menm ekip pou nou fè lagè”

— from *Hiawatha the Unifier*


- 3 Ki sa moun k ap fè diskou a ap rekòmande moun sa yo?
 - (1) pou yo kolabore plis toujou
 - (2) pou yo fè konpetisyon ekonomik
 - (3) pou yo konsève resous yo
 - (4) pou yo fè echanj kiltirèl
- 4 Ki sistèm politik ki te etabli akòz sa yo di nan diskou sa a?
 - (1) Mouvman Endyen ki Ameriken yo
 - (2) Biwo ki okipe afè Endyen yo
 - (3) Sistèm bitasyon kote endyen yo viv la
 - (4) Lig 5 nasyon yo

- 5 Lè endyen Iriquois yo te sèvi ak sistèm kay long nan kilès nan chwa sa yo ki montre yo te adapte yo ak anviwonman an?
 - (1) sèvi ak po boufalo pou fè rad oswa pou kouvri kay
 - (2) sèvi ak cheval pou transpòtasyon
 - (3) sèvi ak pye bwa pou bati kay
 - (4) sèvi ak fè pou fè zouti ak zam
- 6 Kilès nan evènman sa yo ki lakòz lòt twa yo?
 - (1) Kristòf Kolon debake Ispanyola
 - (2) Dekouvèt koloni Jamestown nan
 - (3) Yon pakèt endyen Ozetazini ki mouri anba nouvo maladi
 - (4) Ewopeyen koumanse sèvi ak tabak ak pòm detè
- 7 Jan yo te bezwen plantè nan koloni nan sid yo te lakòz:
 - (1) yo te fòme sendika
 - (2) yo te deside pou yo ouvè izin
 - (3) yo amelyore jan yo kiltive latè
 - (4) yo sèvi ak esklav ki te soti ann Afrik
- 8 Plan inyon ki te soti Albany a te mande
 - (1) pou tout sitwayen gen menm dwa pou yo vote
 - (2) pou yo deklare lagè kont Angletè
 - (3) pou yo rasanble yon konsèy pou defann koloni yo
 - (4) pou gen separasyon ak Angletè
- 9 Moun ki te abite nan koloni Ameriken yo te panse lwa enpo Angle yo pa te jis paske:
 - (1) kolonis yo te manke reprezantan nan palman an
 - (2) trezò Angle yo te gen kòb anplis
 - (3) Endyen Ozetazini yo pat bezwen peye Angle yo tax
 - (4) Pri taks yo te pi wo nan koloni yo pase ann Angletè.

10 Pou ki sa yo te ekri deklarasyon endepandans lan?

- (1) Pou yo te ka gen yon plan pou gouvènans peyi a
- (2) Pou yo te ka nonmen rezon koloni yo te genyen pou yo te ka separe ak Angletè
- (3) Pou yo te ka fè konnen pou ki rezon yo te vle limite valè moun ki tap antre nan peyi a
- (4) Pou yo te ka avanse rezon pou fi ta dwe gen dwa vote

Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal epi ak kat sa a pou w reponn keksyon nimewo 11 lan.



11 Ki sa kat Revolisyon Amerikèn sa a montre?

- (1) Plan George Washington te genyen pou li evakye vil New York
- (2) Atanta kolon yo pou yo te pran peyi Kanada
- (3) Estrateji Anglè yo te genyen pou yo pran vil New York epi pou yo te divize koloni yo
- (4) Enpòtans lamarin Franse yo nan lit koloni yo

12 Pami mwayen sa yo kilès ladan yo ki ka fè yo chanje konstitisyon Etazini an

- (1) veto
- (2) amandman
- (3) rezolisyon
- (4) deba nan asanble lejislatif lan

13 Ki branch nan gouvènman federal la ki pi sanble Asanble Eta Nouyòk la?

- (1) kabinè a
- (2) tribinal kasasyon
- (3) chanm depite yo
- (4) sena a

- 14 • Kongrè a pa ta ka mande yon valè kòb pou taks epi fè moun peye taks.
- Kongrè pat ka kontwole komès ant eta yo epi ak lòt peyi.
- Pa te gen okenn tribinal nasyonal pou tranche diskisyon.
- Trèz Eta yo te manke inyon antre yo.

Kilès nan dokiman sa yo nou rekonèt parapò ak sa nou sot li yo?

- (1) Dokiman ki rele “Article of Confederation” nan
- (2) Dokiman ki rele “Federalist Papers” la
- (3) Dokiman ki rele “Northwest Ordinance” la
- (4) Dokiman ki rele “Konstitisyon Etazini an”

15 Lè Tribinal kasasyon pran kèk desizyon ki baze sou premye amannman an, desizyon sa yo konn gen rapò ak:

- (1) dwa moun
- (2) kontwòl sou gwo biznis
- (3) koleksyon enpo sou lajan yo peye travayè
- (4) koripsyon nan gouvènman an

16 Pwosè Marbury kont Madison nan, se te yon pwosè ki sèvi kòm egzanp pou Tribinal kasasyon an paske


- (1) li bay tribinal kasasyon an dwa pou li deklare yon lwa kòm yon lwa ki pa suiv règleman konstitisyon an
- (2) Ogmante pouvwa Federalis yo nan branch ki fè lwa yo nan gouvènman an
- (3) Li te fè vin gen yon ogmantasyon nan valè jij ki genyen nan tribinal kasasyon an
- (4) Li fè prezidan an vin gen plis pouvwa kòm chèf siprèm

17 Ki aksyon gouvènman Ameriken an te pran ki te gen rapò ak Endyen ki Ameriken yo ant 1820 ak 1840?

- (1) Yo te peye Endyen yo sa tè yo vo.
- (2) Yo te pase yon lwa ki te bay tout Endyen ki te fèt o Zetazini sitwayènte ameriken
- (3) Yo te ankouraje Endyen yo pou yo te al travay nan faktori yo
- (4) Yo te wete endyen yo sou pwopriyete kote yo te gen tribi yo pou yo mete yo sou pwopriyete ki rele rezèv

Sèvi ak graf sa a epi ak konesans nou genyen nan syans sosyal pou nou reponn keksyon 18 la.

Kanal ak Ray tren nan Eta New York, 1830-1850



18 Pami repons sa a yo, kilès ladan yo enfòmasyon nan graf la apiye?

- (1) Yo ka transpòte pwovizyon pi vit sou gwo kannal rivyè pase nan tren
- (2) Li koute pi chè pou yo bati ray tren pase pou yo fouye kannal
- (3) Mileyaj ray tren yo ogmante pi rapid pase mileyaj kannal yo
- (4) Konpayi pito transpòte machandiz yo sou kannal

19 **“Annexation of Texas” [Texas vin yon pati nan peyi a]**
“Fifty-four Forty or Fight” [Senkannkat, karant oubyen n ap goumen]
“All of Oregon or None!” [Tout Oregon oubyen anyen menm!]

Ki lide tout pwopagann pou eleksyon 1844 sa yo te apiye?

- (1) lòd ak disiplin
- (2) Lide “Manifest Destiny” a
- (3) Fanatik
- (4) Dwa pou fi vote

20 Nan fen ane 1840 yo Kalifòni te atire anpil moun paske:

- (1) yo te vle al goumen nan lagè Meksik la
- (2) yo te vle ede bati ray tren yo
- (3) yo te vle al chèche lò
- (4) yo te vle jwenn bon tè pou yo fè jaden

21 Si gen yon diskisyon sou Abolisyon, sou mouvman “Underground Railroad” la ak desizyon Dred Scott la, de ki sa y ap pale?

- (1) tranzaksyon labank
- (2) afè etranje
- (3) esklavaj
- (4) transpòtasyon

22 Ki avantaj zòn sid la te genyen sou zòn nò a o Zetazini pandan gè sivil la?

- (1) plis manifakti
- (2) yon marin ki te pi efikas
- (3) yon pi bon gouvènman
- (4) Militè ki te gen plis kapasite


23 Fè chwa ki bay yon karakteristik sistèm mache lib la:

- (1) yo garanti moun ki gen aksyon nan yon konpayi pou yo fè benefis
- (2) gouvènman yo kontwòle chwa pwodui yo
- (3) yo pa ankouraje pwodui etranje antre nan peyi a
- (4) tout biznis nan konpetisyon pou dola kliyan yo

24 Moun yo te rele “Muckraker” se te ekri kritik nan kòmansman ane 1900 yo ki te vle:

- (1) Denonse koripsyon ak abi nan endistri yo
- (2) Mete yon fen nan zafè imigrasyon an
- (3) Refize pou entegrasyon fèt nan vil yo
- (4) Fèmen tout faktori yo ak endistri yo

Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal epi ak kat sa a pou w reponn keksyon 25 lan.



25 Nan epòk 1840-1920 ki kote majorite imigran ki te vin o Zetazini te soti?

- | | |
|------------|--------------------------|
| (1) Azi | (3) Almay |
| (2) Kanada | (4) (4) Angletè ak Ilann |

26 Objektif politik “Baryè ouvè” Etazini te genyen an se te pou:

- (1) yo te ka etabli yon kontwòl militè sou Ameriklatin
- (2) yo pwoteje dwa Ameriken te genyen pou yo fè komès ak Lachin
- (3) yo te akouraje Japonè yo pou yo te imigre o Zetazini
- (4) yo te pèmèt Filipin gen mache ouvè avè yo

27 Si yo ta pral fè yon etid sou epòk yo pat pèmèt moun vann alkòl, ak ki dokiman yo ta sèvi?

- (1) ak yon ti panflè sendika “American Federation of Labor” te ekri an 1952
- (2) liv “Uncle Tom’s Cabin” Harriet Beecher Stowe te ekri a
- (3) ak diskou prezidan Herbert Hoover te fè sou politik bon vwazen an
- (4) you lèt yo te voye bay yon editè ki te dekri kouman alkòl se danje

28 Nan 14 pwen li yo, Prezidan Woodrow Wilson te pwopoze pou yo te kreye yon:

- (1) lame pou pwoteje nasyon nan zòn wès la
- (2) gwoup ki te rele “League of Nation”
- (3) gwoup ki rele “Triple Alliance”
- (4) yon lame ki pou ta pran kontwòl peyi ki pèdi nan lagè kont Etazini

29 Pou tout bagay te tounen vin nòmal apre premye gè mondyal la pou Etazini, men sa sa ta vle di

- (1) pou Etazini ta patisipe nan aktivite li ann ewòp ankò
- (2) pou yo pa ta vann bwason ki gen alkòl o Zetazini
- (3) tout aktivite ta retounen menm jan l te ye a avan lagè a
- (4) remete yon prezidan demokratik sou pouvwa a

30 Pami sa ki ekri la yo, ki sa ki reprezante yon opinyon sou Etazini nan ane 1920 yo

- (1) Etazini te vin gen plis moun ki vin abite nan vil yo
- (2) Te gen yon ogmantasyon nan valè kòb moun ki te travay nan izin yo te touche epi yo te amelyore kondisyon travay yo
- (3) Te vin gen plis fi ki travay
- (4) Epòk 1920 yo se te epòk ki te pi chofe nan ane 1900 yo

31 Youn nan sa ki te lakòz peryòd gwo fayit la

- (1) se te ogmantasyon nan sipò gouvènman an tap bay gwo biznis yo
- (2) twòp moun te achte kredi oswa pou yo peye pa moso
- (3) travay tap byen peye epi to chomaj la te ba
- (4) te manke manje ki sot nan jaden

- 32 Jan yo te touye Jwif yo ak lòt moun yo te konsidere kòm dezagreyab, yo te rele sa:
- (1) Blizkrieg (3) Yon mas moun ki mouri
grangou
(2) Olokos (4) Pwosè Nuremberg la
- 33 Rezon ki fè Etazini te adopte yon politik kontwole peyi ki belijeran yo Apre dezyèm gè mondyal la se te
- (1) pou yo te bay Linyon Sovyetik èd
(2) pou yo te anpeche sistèm kominis la gaye
(3) pou yo te fè Etazini vin pi Izole
(4) pou yo te ka etabli pi bon rapò ekonomik ant Etazini ak peyi nan zòn sid Azi yo
- 34 Nan ane 1950 yo ki pi gwo faktè ki te ankouraje anpil fanmi al abite nan de katye rezidansyèl?
- (1) polisyon anndan vil yo
(2) amelyorasyon nan swen medikal yo
(3) devlopman ekonomik ak pwosperite
(4) te manke travay
- 35 **“Frè m ou ka lage yon dis kòb nan men m”**
“... sèl bagay ki pou fè m gen krent se lakrent...”
“Si yo vin pran tè m nan, m ap goumen”
“Nan epòk sa a yon moun te fè nenpòt bagay pou yo te fè ekonomi senk kòb”
- Nan ki peryòd dizan w panse yo te ka di pawòl sa yo?
- (1) 1920 yo (3) 1940 yo
(2) 1930 yo (4) 1950 yo
- 36 **“Delege apwouve yon gwo antant”**
“Dokiman an te sanble li enkonplè si li pa gen règleman sou dwa moun”
“James Madison gen anpil siksè kòm otè prensipal ak pòtpawòl”
- De ki gwo dokiman nan istwa Etazini tout gran tit jounal sa yo ap pale?
- (1) Deklarasyon endepandans lan
(2) Dokiman “Mayflower Compact” la
(3) Atik Konfederasyon yo
(4) Konstitisyon Etazini an

- Sèvi ak amannman konstitisyon sa a epi ak sa ou konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 37 la.
- “ ...epi okenn Eta... pa fèt pou refize pesonn moun ki nan zòn kote li kontwole pwoteksyon yo merite dapre lalwa.”
- “Dwa ...pou yon moun vote ... yo pa fèt pou refize okenn moun sa...akòz ras yo, koulè yo, oswa si yo te rete ak moun.”
- 37 Yo te pase amannman sa yo pou te ka pwoteje dwa konstisyonèl moun tankou
- (1) fi yo
(2) Endyen yo
(3) Ameriken ki desandan Afriken
(4) timoun
- 38 **“Fò Kawolindisid peye taks”**
“Veto kont Bank Nasyonal la”
“Moun ki gen viktwa yo, al nan banbòch la”
- Gran tit nan jounal sa yo, ak ki prezidan nou asosye yo
- (1) Andrew Jackson
(2) Thomas Jefferson
(3) Abraham Lincoln
(4) Theodore Roosevelt
- 39 Ki tit ki ta pi bon pou lis sa a?
- I. _____
- | |
|---|
| <p>A. Mezantant ak Lakore a
B. Evakiyasyon vil Bèlen pa avyon
C. Kriz misil Kiba a
D. Vyetnam</p> |
|---|
- (1) Mezantant ak Lakore a
(2) Evakiyasyon vil Bèlen pa avyon
(3) Kriz misil Kiba a
(4) Vyetnam

Sèvi ak konesans nou nan syans sosyal epi ak gran tit nan jounal sa a, pou nou reponn keksyon 40 la.

"All the News
That's Fit to Print"

The New York Times

LATE CITY EDITION

Monday, July 23, 1974
Price: 15¢
City Edition
Published by The New York Times Company
215 West 43rd Street, New York, N.Y. 10018

POL. CEZREY ...

...

...

...

...

NIXON RESIGNS

Niksonn demisyone

HE URGES A TIME OF 'HEALING'; Li mande yon ti tan pou "gerizon";
FORD WILL TAKE OFFICE TODAY Prezidan Ford pral pran pouvwa
a Jodi a

40 Kilès nan aksyon sa yo Prezidan Niksonn te pran ki te mennen desizyon yo mansyone nan gran tit jounal sa a?

- (1) koumansman rapò ak Lachin
- (2) afè kase kay "Watergate" la
- (3) lòd yo te bay an sekre pou yo te lage bonm sou Kanbodya
- (4) yo te entwodi salè ak kontwòl pri yo

41 Pri ap monte epi lajan ap vin gen mwens valè ki konsèp ekonomik ki eslike kondisyon sa yo:

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) enflasyon | (3) depresyon |
| (2) resesyon | (4) deflasyon |

42 Ki ka nan chanm kasasyon an ki te deklare zafè "egal men separe" a se te yon pawòl ki te antikonstisyonèl.

- (1) *Plessy kont Ferguson*
- (2) *Brown kont Board of Education*
- (3) *Miranda kont Arizona*
- (4) *Roe kont Wade*

43 Ki sistèm ekonomik Etazini genyen?


- | | |
|-------------|---------------|
| (1) Komès | (3) Sosyalis |
| (2) Kominis | (4) Kapitalis |

44 Ki lwa sou Nouvo Akò a, k ap jwe yon wòl enpòtan toujou nan lavi Ameriken?

- (1) Lwa pou ede moun ki nan agrikilti
- (2) Lwa pou ede moun ki plante ki gen ka ijan
- (3) Lwa pou moun ki gen endistri pou yo jwenn sipò gouvènman an lè sa pa mache
- (4) Lwa sou sosyal sekirite

Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal epi ak foto sa yo pou w reponn keksyon 45 lan.

Chanjman nan gwoup etnik ki fè popilasyon Etazini an



45 Nan enfòmasyon n ap gade la yo, kilès ladan yo ki pi byen dekri sa nou wè nan graf sa yo?

- (1) Pousantaj Ameriken ki gen plis pase 65 an pral ogmante.
- (2) Pousantaj Ameriken ki soti ann Afrik ap bese.
- (3) Popilasyon Etazini an ap vin pi melanje.
- (4) Nesesite pou yo anseye moun nan yon lòt lang ap bese.

Dezyèm pati

Ekri repons pou keksyon sa yo nan liv egzamen an, nan espas vid ki apre keksyon yo. Sèvi ak yon plim ble fonsse pou nou ekri repons nou yo.

Esplikasyon: Sèvi ak enfòmasyon ki nan foto sa a epi sa nou konnen nan Syans sosyal pou nou reponn kesyon 1 a 4 yo.




1 Ekri non 2 izin ki parèt nan foto a?. [2]

2 Pou ki rezon yo te gen bagay pou pini sa yo? [1]

3 Pou ki sa se sou rivyè a yo mete faktori a? [1]

4 Dapre enfòmasyon ki gen nan foto a, bay yon egzanp kouman moun nan vilaj New England nan te oblije depann youn sou lòt? [1]

Esplikasyon: Sèvi ak enfòmasyon ki nan foto sa a epi sa nou konnen nan Syans sosyal pou nou reponn kesyon 5 a 8 yo.



5 Ki kalite faktori ki nan foto sa a? [1]

6 Esplike kouman fason yo travay la te diferan ak lòt metòd yo abitye sèvi? [2]

7 Ekri yon bagay ki pozitif sou pwosedi yo aplike la a, pou efè li fè sou anplwaye yo? [1]

8 Ekri yon bagay ki negatif sou pwosedi yo aplike la a, pou efè li fè sou anplwaye yo? [1]

Esplikasyon: Sèvi ak enfòmasyon ki nan foto sa a epi sa nou konnen nan Syans sosyal pou nou reponn kesyon 5 a 8 yo.

“San Vyolans ... sistèm sa a pa chèche bat oswa imilye moun nan opozisyon an, men li eseye ranpòte amitye opozisyon an ak konpreyansyon li Rezistans san Vyolans ... evite ...espri vyolans fizik ki soti lòt kote. Moun ki sèvi ak sistèm san vyolans la, non sèlman li refize tire moun ki kont li a, li refize rayi l tou... Lè yon moun revandike ak vyolans sa pap regle anyen o kontrè sa ap gaye plis rayisman ki deja egziste twòp sou latè a. Nan pakou lavi a, fò gen moun ki gen bon sans ase pou yo koupe chèn rayisman an....”

—Martin Luther King, Jr., *Stride Toward Freedom: Istwa Montgomery a*

9 Dapre sa yo di nan ti pati istwa sa a, ki viktwa batay san vyolans lan ap eseye ranpòte? [1]

10 Site de diferan fòm revandikasyon san vyolans Martin Luther King te apiye nan ane 1950 yo epi nan ane 1960 yo? [2]

a _____

b _____

11 Site de diferan chanjman revandikasyon san vyolans lan te reyalize nan ane 1950 yo epi nan ane 1960 yo? [2]

a _____

b _____

